

Kesyon ki poze souvan

Azil

Kisa azil ye?

Dwa pou mande azil garanti anba lwa Etazini ak lwa entènasyonal. Azil pwoteje moun pou yo pa fòse yo tounen nan peyi yo fèt la si yo demontre yo te viv pèsèkasyon oswa yo genyen yon "laperèz pou pèsèkasyon ki byen fonde" poutèt ras, relijyon, nasyonalite, manm nan yon gwoup sosyal patikilye oswa opinyon politik. Yon fwa yo fin ba yo azil, moun yo gen dwa viv epi travay Ozetazini, pou yo reyini ak manm fanmi pre ki rete aletranje, epi evantyèlman pou aplike pou rezidans pèmanan (yon "kat vèt") ak sitwayènte.

Azil ak estati refijye se konsèp ki gen rapò. Ni moun k ap mande azil ak sila ki refijye yo dwe demontre yon krent pou pèsèkasyon ki byen fonde nan peyi yo fèt la. Moun k ap chèche estati refijye Ozetazini aplike depi aletranje, alòske moun k ap chèche estati azil aplike anndan Etazini oswa sou fwontyè Etazini an.

Kiyès ki elijib pou mande azil?

Fanmi, jèn selibatè epi timoun ki pa akonpaye tout elijib pou aplike pou azil. Moun gen dwa mande azil sou fwontyè a oswa aprè yo fin antre Ozetazini, kit yo te rive sou yon "pò dantre" (kote otorite fwontyè ameriken yo ap trete moun ak machandiz k ap antre nan peyi Etazini) kit yo antre nan peyi Etazini san yo pa pase ak otorizasyon nan okenn pò dantre. Kongrè a te mete sistèm nan konsaa pou asire yo pa fòse moun k ap chèche azil yo tounen nan danje jis paske yo pa t kapab travèse fwontyè a nan fason ki konfòm. Si yon moun deja nan peyi Etazini, li ka aplike pou azil menmsi li pa gen papyè oswa li gentan gen yon estati legal tanporè (tankou viza etid oswa viza touris).

Nan kèk sikonstans, gen moun ki ka pa kalifye pou mande azil. Sepandan, moun sa yo ka toujou kalifye pou lòt fòm pwoteksyon tankou "sispann demach depòtasyon" (WOR) dapre lalwa Etazini ak pwoteksyon anba Konvansyon Nasyonzini Kont Tòti. Si yon moun kalifye pou pwoteksyon sa yo, yo entèdi pou gouvènman ameriken an depòte yo l nan yon peyi kote li pral soufri pèsèkasyon oswa tòti. Yo kapab jwenn pèmi travay Ozetazini men yo pa kapab reyini ak manm fanmi yo oswa jwenn rezidans pèmanan (yon "kat vèt") oswa sitwayènte.

Kijan pou moun mande azil?

An jeneral, gen de fason diferan pou aplike pou azil, yo rele yo pwosesis "afimatif" ak pwosesis "defansif". Si gouvènman ameriken an gentan kòmanse yon ka nan tribinal imigrasyon an pou eseye depòte yon moun, moun sa a kapab aplike pou azil "defansif" pou anpeche yo depòte l. Sinon, yon moun ka aplike pou azil "afimatif" si li andedan Etazini epi li pa nan pwosedi imigrasyon.

Nan pwosesis azil "afimatif" la, yon moun ki pa nan okenn pwosedi imigrasyon ranpli yon [Fòmilè I-589](#) aplikasyon pou azil epi li soumèt li ak prèv jistifikatif bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken ("USCIS"). Li dwe soumèt aplikasyon sa a nan yon ane aprè li rive nan peyi Etazini, avèk kèk eksepsyon. Y ap pwograme yon entèvyou pou moun k ap mande azil la avèk yon Ajan Azil k ap travay pou USCIS. Si Ajan Azil la detèmine ka a ta dwe apwouve, ajan a ap bay moun nan azil nan moman sa a. Si Ajan Azil la pa bay l azil, y ap voye ka moun nan bay yon Jij Imigrasyon kote y ap gen yon chans pou yo aplike pou azil "defansif".

Nan pwosesis azil "defansif" la, yon moun ki nan pwosedi imigrasyon soumèt yon [Fòmilè-I-589 aplikasyon](#) pou azil ak prèv jistifikatif bay Jij Imigrasyon an nan tribinal imigrasyon an. Jij Imigrasyon an pwograme yon odyans ki rele yon odyans "merit" oswa "endividyèl", kote moun k ap chèche azil la gen opòtinite pou l prezante temwayaj, prèv ak temwen pou sipòte aplikasyon azil li a. Avoka gouvènman k ap chèche depòtasyon an (k ap travay pou Imigrasyon ak Kontwòl Ladwàn oswa ICE) epi Jij Imigrasyon an ap poze moun k ap chèche azil la kesyon. Si jij la deside yo ta dwe akòde moun nan azil, l ap bay yon lòd pou akòde azil la. Si non, jij la ap bay yon lòd pou yo depòte moun nan. Si yon moun k ap chèche azil pèdi ka li a devan Jij Imigrasyon an, moun nan ka fè apèl ak Komisyon Apèl Imigrasyon an ("BIA"). Si yo pa reyisi, moun k ap chèche azil la ka depoze yon petisyon pou yon tribinal apèl federal revize ka li a. Si apèl la oswa petisyon an reyisi, yo ka voye ka a tounen bay BIA oswa Jij Imigrasyon pou plis pwosedi.

Toudepan si yon moun ap aplike pou azil "afimatif" oswa "defansif," sa ka pran plizyè mwa, menm ane pou yon desizyon final.

Kisa k ap pase lè yon moun mande azil nan fwontyè a oswa toupre?

Moun k ap chèche azil yo ka prezante tèt yo nan yon pò dantre oswa otorite imigrasyon ameriken yo kapab kenbe yo sou fwontyè a oswa toupre fwontyè a yon ti tan aprè yo fin travèse antre Ozetazini. Nan ka sa yo, ajan imigrasyon yo gen otorite pou deside si pou yo (1) voye moun sa yo dirèkteman bay yon Jij Imigrasyon pou pwosedi imigrasyon regilye kote yo ka prezante aplikasyon azil yo ak prèv jistifikatif nan yon odyans tribinal konplè (sa a se "defansif" la, pwosesis azil ki dekri pi wo a) oswa (2) voye yo nan "depòtasyon rapid," yon pwosesis depòtasyon akselere ak yon ti kras pwosedi pou pwoteksyon, ki gen defo yo ki dekri nan dènye seksyon ki anba a. Si gouvènman an deside mete yon moun nan yon "depòtasyon rapid," yon ajan oblije mande yo si yo pè tounen nan peyi yo fèt la. Si ajan an di moun nan pa montre laperèz, y ap depòte moun nan sou plas san li pa menm wè yon Jij Imigrasyon oswa san li pa gen opòtinite pou aplike pou azil. Si ajan a di moun nan montre laperèz, y ap pwograme yon entèvyou pou moun nan ak yon Ajan Azil ki pral mande l detay sou poukisa moun nan ap chèche pwoteksyon. Lè sa a, Ajan Azil la ap detèmine si moun nan gen yon "krent kredib" pou pèsekisyon ki vle di li gen "bon jan posibilite" pou satisfè estanda pou azil oswa lòt pwoteksyon. Si li reyisi entèvyou a, y ap mete moun nan nan pwosedi imigrasyon regilye. Si li pa reyisi entèvyou a, moun nan ka mande pou yon Jij Imigrasyon revize desizyon Ajan Azil la. Si Jij Imigrasyon an dakò avèk Ajan Azil la, y ap depòte moun nan san li pa menm gen chans pou l prezante tout deklarasyon azil la. Si Jij Imigrasyon an pa dakò epi li jwenn yon krent pèsekisyon kredib, y ap mete moun nan nan pwosedi imigrasyon regilye.

Ki obstak moun k ap chèche azil yo rankontre pou yo pwouve yo kalifye pou pwoteksyon?

Moun k ap chèche azil yo dwe swiv yon pwosesis konplike ak teknik pou montre yo kalifye pou pwoteksyon Ozetazini. Plizyè obstak ka anpeche moun ki gen deklarasyon valab pou azil pou jwenn pwoteksyon yo bezwen an. Pa egzanp:

- Pa gen okenn dwa ak yon avoka gouvènman an nonmen nan tribinal imigrasyon an (ak kèk eksepsyon ki limite anpil)—menm pou timoun. Sa vle di kontrèman ak tribinal kriminel la, gouvènman ameriken an pa p nonmen yon avoka pou reprezante moun k ap chèche azil ki fè fas ak depòtasyon an. Si yon moun k ap chèche azil pa ka jwenn yon avoka pou reprezante l oswa si li pa ka jwenn youn ki abòdab, li dwe prezante aplikasyon azil li a bay Jij Imigrasyon pou kont li ("pro se"). Rechèch yo montre moun ki gen yon avoka gen [senk fwa plis chans pou yo reyisi nan ka azil yo a](#).
- Yo dwe soumèt aplikasyon pou azil douz paj la ([Fòmilè I-589](#)) an anglè. Menmjan an tou, yo dwe soumèt nenpòt prèv jistifikatif an anglè oswa avèk yon tradiksyon sètifye. Anpil moun k ap chèche azil pa kapab ranpli aplikasyon an nan lang anglè epi sitou si yo nan detansyon, yo ka pa kapab jwenn aksè ak yon avoka oswa yon volontè ki ka tradwi pou li.
- Jij Imigrasyon yo pa endepandan. Y ap travay pou Depatman Jistis ("DOJ") nan Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon ("EOIR"). Chèf DOJ a, Pwokirè Jeneral la, sipèvizè tou avoka DOJ ki pouswiv ka imigrasyon nan tribinal federal epi, kidonk, sèvi kòm jij anchèf ak komisè anchèf. Epi tou, kòm anplwaye DOJ, sipèvizè yo ka bay jij imigrasyon yo lòd pou yo jere kantite travay yo oswa pou yo pran desizyon nan ka moun k ap chèche azil nan kèk fason ki gen enpak sou jistis. Pa egzanp, yo ka di yo pou yo akselere pwosesis ka yo a, sa ki ka lakòz moun k ap chèche azil la pa gen ase tan pou l jwenn yon avoka oswa pou prepare aplikasyon li an. Fondamantalman, mank endepandans jidisyè sa a vle di moun k ap chèche azil yo souvan pa kapab jwenn yon pwosè jis nan tribinal la.

Èske yo kenbe moun k ap chèche azil yo pandan y ap chèche pwoteksyon Ozetazini?

Yo souvan kenbe moun k ap chèche azil yo nan kondisyon ki sanble ak prizon pandan y ap eseye pwouve yon Jij Imigrasyon yo pa ta dwe depòte yo. ICE, ajans federal ki responsab kontwòl imigrasyon an, kenbe anpil ladan yo. Yo souvan kenbe moun k ap chèche azil yo nan kondisyon ki sanble ak prizon epi yo souvan sibi move tretman tankou abi fizik ak seksyèl epi refi pou jwenn aksè ak swen medikal, menmsi yo nan pwosedi imigrasyon sivil (ki pa kriminel) epi detansyon an, selon lalwa, pa ta sipoze pinitif.

Tou depan konbyen tan ka imigrasyon yo pran, yo kapab kenbe moun k ap chèche azil la pandan plizyè mwa oswa ane—menmsi sa ka rive yo genyen ka epi y ap pèmèt yo rete nèt Ozetazini.

Gen kèk moun k ap chèche azil yo kenbe nan detansyon ki gendwa elijib pou yo lage sou yon kosyon. Yo ka mande pou yon Jij Imigrasyon fè yon odyans pou detèmine si moun nan gendwa libere sou kosyon. Sepandan, anpil nan yo pa kapab peye gwo kantite lajan kosyon yon Jij Imigrasyon fikse ki ka rive jiska \$25,000 oswa plis. Moun k ap chèche azil ki pa elijib pou yon kosyon, yo ka lage yo sou "parole" (libète sou kondisyon) oswa sou lòt sikònstans. Kondisyon sa yo se ajan ICE ki mete yo epi yo diskresyonè nèt. Menmsi ajan ICE yo sipoze sèlman konsidere kèk faktè, tankou si yon moun gen chans pou li ale nan pwosedi tribinal li yo oswa si li reprezante yon danje pou kominote a, ajan ICE yo pafwa refize bay "libète sou kondisyon" san jistifikasyon oswa pou rezon diskriminatwa.

Kijan lòt politik Etazini yo anpeche moun k ap chèche azil jwenn pwoteksyon?

Dènye ane sa yo, gouvènman ameriken an te aplike anpil politik malfezan, sitou sou fwontyè Etazini ak Meksik la, ki anpeche moun jwenn aksè ak sistèm imigrasyon ameriken an, menmsi yo gen yon revandikasyon azil valab pou pwoteksyon. Règleman sa yo ale kont lalwa Etazini ak obligasyon entènasyonal nou yo pou asire yo pa voye moun ak fanmi tounen kote yo gen chans pou yo pèsèkite yo oswa tètire yo.

Depi mas 2020, gouvènman ameriken an regilyèman voye moun k ap chèche azil sou fwontyè Etazini ak Meksik yo deyò anba yon politik ki rele "Tit 42". Li limite moun antre, li chita sou yon envokasyon Lwa Sèvis Sante Piblik ki san parèy ak ilegal, ki sitiye nan Tit 42 nan Kòd ameriken an (lwa federal). Politik depòtasyon ilegal sa yo te mete sou pye nan kòmansman pandemi KOVID-19 la, vin fèmen sistèm azil la sou fwontyè a epi bloke moun ak fanmi k ap kouri pou danje pou jwenn pwoteksyon Ozetazini. Yo anpeche moun apwoche pò dantre yo pou yo kòmanse pwosesis aplikasyon azil la. Si yo mete men sou yo sou fwontyè a, yo souvan fòse yo tounen Meksik oswa peyi kote yo fèt la san yo pa tcheke demand azil yo a. Règleman sa a [mete moun, fanmi, ak timoun ki vilnerab epi ki an danje yo](#) swa tounen yo nan danje yo te sove nan peyi yo fèt la, oswa ekspoze yo nan kondisyon ki trè danjere nan lòt Meksik la, nan zòn ki anba sou banyè katèl ki vize imigran an patikilye. Ekspè sante piblik yo konkli politik sa a pa gen okenn baz syantifik kòm yon mezi sante piblik epi Etazini gen resous li bezwen yo tankou tès, kachnen ak vaksen pou trete moun k ap chèche azil san danje.

Menm lè moun ak fanmi ki nan fwontyè Etazini ak Meksik jwenn pèmasyon pou yo kòmanse pwosesis azil la, gouvènman ameriken an souvan refize yo yon jounen san patipri nan tribinal nan mete yo nan pwosesis akselere "depòtasyon rapid" ki dekri pi wo a. Jan li eksplike pi wo a, pwosedi sa yo ki trè kout manke pwoteksyon enpòtan nan pwosedi yo epi souvan lakòz moun ki gen demand azil valab depòte kote yo ap jwenn danje. Anplis mank yon odyans konplè, entèvyou seleksyon an yo souvan fèt pandan moun nan nan detansyon, kèk jou aprè li fèk rive aprè vwayaj twomatizan an. Kondisyon sa yo limite kapasite yon moun k ap chèche azil pou jwenn yon avoka, alewè pou prepare pou yon entèvyou ki gen gwo anje ki mande pou moun pale sou twomatis yo viv yo, an detay entim bay yon ajan gouvènman ameriken. San yon avoka, moun ki pa abitye ak detay sou lwa azil ameriken an souvan pa konnen ki enfòmasyon ki enpòtan pou yo transmèt pou demontre yo gen yon revandikasyon legal pou pwoteksyon Ozetazini. Anplis, defansè dwa moun yo konstate ajan imigrasyon yo pa poze bonjan kesyon sou laperèz moun yo genyen pou yo tounen nan peyi yo, sa ki lakòz anpil depòtasyon san yo pa menm pase nan yon entèvyou seleksyon pou azil.

Anba gouvènman Trump la, plizyè milye moun, fanmi ak timoun te bloke ilegalman pou chèche azil Ozetazini atravè yon [brikolaj fwontyè ak politik pou azil](#). Malgre gouvènman Biden nan te pran kèk desizyon pou ranvèse kèk nan politik sa yo epi pou pèmèt kèk moun ak fanmi antre Ozetazini epi chèche azil, pa gen okenn efò serye pou repare nèt gwo domaj anpil moun te sibi. Desizyon gouvènman Biden nan pran desizyon pou kenbe lòd ilegal Tit 42 la an plas (ki dekri pi wo a) vle di dwa pou chèche azil nan fwontyè sid la rete yon ilizyon.

Detansyon pou Imigran

Ki moun ki kapab sibi detansyon pou imigran?

Si yo mete men sou yon moun ki pa sitwayen Etazini sou fwontyè a oswa yon lòt kote anndan Etazini, youn oswa plizyè ajans gouvènman federal kapab kenbe li anvan pwosedi imigrasyon yo, pandan pwosedi yo annatant oswa pandan y ap tann depòtasyon. Kèk aspè detansyon pou imigran ka varye selon nan men ki ajans gouvènman federal moun nan ye.^[1]

Ki kalite detansyon pou imigran ki genyen?

"Frizè"

Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè Ameriken (CBP) ak Patwouy Fwontyè (BP)^[2] Etazini gen kèk sant detansyon sou fwontyè Etazini oswa tou pre. Sant sa yo kenbe yon santèn milye moun chak ane, ki gen ladan yo granmoun ak timoun k ap chèche azil.

Anpil moun rele enstalasyon sa yo ki sanble ak prizon tou pre fwontyè a, kòm "frizè" (mo panyòl la se "hieleras") poutèt tanperati an ki toujou ba. Yo fèt sèlman pou kenbe moun pou yon peryòd tou kout pandan premye pwosesis yo. Tèm frizè ka gen pou wè ak etablisman detansyon nan yon pò dantre a oswa enstalasyon detansyon ki nan estasyon Patwouy Fwontyè ki sou sou tout zòn fwontyè yo.

Enstalasyon trètman tanporè

Epitou, CBP genyen tou lòt enstalasyon trètman tanporè kote yo kapab mete nan detansyon moun yo te kenbe sou fwontyè a oswa tou pre yo tankou tant "enstalasyon pou foul" ki fèt pou mete nan detansyon jèn imigran ki pa akonpaye yo, yo konn pa menm jwenn siveyans menm^[3] oubyen tou "*perreras*" (mo panyòl pou "kacho chen") - ti tonnèl kote yo kenbe imigran yo pandan plizyè jou, kote y ap bat tanperati ekstrèm ak move tan, san yo pa menm gen aksè ak swen medikal.^[4]

Sant detansyon alontèm ki anba otorite Imigrasyon ak Kontwòl Ladwàn (ICE)

ICE jere plis pase 200 sant detansyon alontèm anndan peyi Etazini kote ajans lan kenbe moun ki ap tann pwosedi imigrasyon, yon detèminasyon final sou pwosedi imigrasyon yo, oswa yon depòtasyon posib. Moun ki nan detansyon ICE ka gen ladan moun CBP oswa Patwouy Fwontyè a te kenbe depi anlè epi transfere yo bay ICE, oswa moun ICE te mete men sou yo dirèkteman nan lòt zòn nan peyi Etazini. ICE fè konnen plis pase 70 pousan moun ki anba otorite li ap sibi sa yo rele "detansyon obligatwa" ki vle di anprizònman otomatik san okenn evalyasyon endividyèl.^[5] Moun ki pa sou lòd detansyon obligatwa ka chèche yon òdonans pou yo libere yo sou kosyon nan men yon jij imigrasyon oswa yo ka mande pou yo libere sou kosyon oswa libète sou kondisyon dirèk nan ICE. Anplis, sa kreye yon zo pwason finansye pou anpil moun, kondisyon kosyon yo plis ankouraje rejim detansyon ak depòtasyon ICE la.^[6]

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou detansyon ICE nan lyen sa: <https://www.detentionwatchnetwork.org/issues>.

Kòman kondisyon yo ye nan frizè yo?

Majorite frizè yo fèt pou detansyon pou yon ti tan sèlman epi yo pa gen kabann, douch, oswa yon estaf medikal aplentan.^[7] Moun yo kenbe nan frizè yo rapòte kondisyon sa yo:

- Moun oblije chita epi dòmi sou planche frèt, byen di oswa ban metal;^[8]
- Yo resevwa swa yon ti kras manje oswa anyen ditou (oswa manje ki gate oswa ki fè glas);^[9]
- Manke dlo pwòp pou yo bwè;^[10]
- Yo boure yon pakèt moun anndan yon selil ki byen sal kote pa menm gen atik ijyèn debaz (tankou savon oswa pwodwi pou fanm ki gen règ);^[11]
- Yo refize ba yo swen medikal apwopriye oswa alè;^[12]
Yo sibi abi vèbal degradan^[13]
- Yo mete yo lwen manm fanmi yo;^[14] epi
- Yo sibi abi fizik ak seksyèl anba men ajan Patwouy Fwontyè yo oswa ajan CBP yo – ki gen ladan abi repete yo komèt sou timoun.^[15]

Kondisyon terib sa yo pi grav ankò lè w konsidere pakèt moun ki tonbe anba men CBP yo se moun k ap chèche azil ki te deja sibi gwo twomatis nan kouri kite peyi yo te fèt la pou chape anba pèsekisyon. Abi ak neglijanans moun sibi nan frizè yo kapab agrave chòk yo deja sibi yo.

Pou konbyen tan yo kenbe moun nan frizè?

Frizè yo pa fèt pou gade moun pandan lannwit poutan yo regilyèman mete moun nan prizon nan lokal sa yo pandan plizyè jou. Menmsi règleman CBP di “yo pa ta dwe kenbe moun yo pou plis pase 72 èdtan nan sal oswa nan enstalasyon detansyon CBP”^[16] epi règleman Patwouy Fwontyè a deklare “[depi] sa posib, yo pa ta dwe kenbe yon prizonye pou plis pase 12 èdtan,”^[17] detansyon ki depase limit sa yo fèt souvan.

Yon rapò Depatman Sekirite Enteryè (DHS) ki fèt nan jiyè 2019 revele pami 8.000 moun Patwouy Fwontyè yo te kenbe nan Rio Grande Valley, yo kenbe 42.5 pousan pou plis pase 72 èdtan pandan yo kenbe 18,75 pousan pou plis pase dis jou.^[18] Menmjan an tou, yo kenbe timoun nan frizè a pou jiska – si se pa plis pase – yon semèn.^[19]

Etandone defisyans estriktirèl yo ak kondisyon inimen yo nan frizè yo, ACLU pran pozisyon pou fè konnen prizon fwontyè sa yo kategorikman pa apwopriye pou okenn peryòd detansyon ki plis pase tan ki nesèsè pou premye pwosesis la, ki jeneralman pa pran plis pase kèk èdtan.

Èske mwen kapab lokalize yon moun yo kenbe nan yon frizè?

Kontrèman ak ICE, CBP pa t janm mete sou pye yon sistèm pou lokalize moun yo detni yo ni li pa fasilite vizit oswa kominikasyon ak fanmi yo.^[20] Lè yo kenbe moun yo pi lontan epi refize mete sou yon pye yon sistèm lokalizatè oswa fasilite kominikasyon deyò,^[21] CBP esansyèlman disparèt moun vilnerab yo anndan sistèm detansyon li a, sa ki lakòz estrès ekstrèm ak enkyetid pou ni pou moun yo kenbe a ni pou fanmi ak zanmi ki pa kapab lokalize moun pa yo. Kidonk, li enperatif pou CBP aplike yon sistèm lokalizasyon pa telefòn oswa sou entènèt pou tout moun ki nan men CBP, sa ap pèmèt moun yo jwenn manm fanmi yo ki nan prizon epi fasilite aksè ak konsèy jiridik pou moun ki nan men CBP yo.

Èske moun yo kenbe nan frizè yo gen aksè ak asistans jiridik?

Malgre moun k ap chèche azil yo gen dwa pou yo pale ak yon avoka ak lòt moun pou prepare yo pou premye entèvyou sou krent kredib^[22] ak lòt tès seleksyon pou pwoteksyon, CBP toujou refize moun yo kenbe nan frizè yo pou ba yo bonjan aksè ak asistans jiridik.^[23] Menmsi yon avoka ta kapab lokalize yon kliyan, li prèske pa gen aksè pou kominike ak kliyan an nan yon fason konfidansyèl. Eksepte nan ra sikonstans kote tribinal federal yo pase lòd pou bay aksè pou kominikasyon konfidansyèl ak yon avoka,^[24] CBP pa vrèman kite moun kominike konfidansyèlman pa telefòn ak avoka yo; pa bay okenn nimewo pou avoka yo ta re rele kliyan yo; refize pou avoka yo gen aksè fizik frizè yo; epi refize bay avoka yo opòtinite pou yo prezan pandan entèvyou seleksyon kliyan yo.^[25] Sa a pa sèlman anpeche moun k ap chèche azil la jwenn dwa ak yon pwosedi legal men tou sa lakòz yo voye pa erè moun k ap chèche azil tounen nan peyi kote yo fè fas ak danje.

Ki kote moun yo ale lè yo sòti nan yon frizè?

Kote yon moun ale lè li sòti nan yon frizè depann de sikonstans endividyèl li epi pafwa, sou kapris ajan kontwòl DHS yo. Nan kèk ka, yo transfere yon moun ki sòti nan yon frizè bay ICE pou yon detansyon alontèm nan yon sant detansyon, konsa yo pwolonje soufrans moun nan pandan kèk mwa oswa ane, epi li alimante pwofi konpayi prizon prive ICE souvan anboche pou jere enstalasyon li yo. Lòt moun kapab aksepte "depa volontè" ki pèmèt yon moun kite Etazini avan yon sèten dat san yo pa sou lòd fòmèl depòtasyon. (Poutan, nou, souvan, tandè moun CBP te kenbe yo rapòte yo te fòse yo siyen dokiman rapatriman "volontè" anba menas vyolans, akizasyon kriminèl, oswa peryòd detansyon ki long.^[26]) Yo ka libere lòt moun nan rezo swen kote manm fanmi yo, zanmi yo ak kominote yo kapab sipòte yo pandan pwosedi imigrasyon yo a ap kontinye. Moun sa yo libere yo gendwa toujou oblije ale nan kèk kontwòl regilye, mete yon aparèy elektwonik siveyans nan cheviy yo^[27] oswa anba lòt fòm siveyans elektwonik malfezan. Yo pi fasil transfere jèn ki pa akonpaye yo anba lagad Biwo Reyentegrasyon pou Refijye (ORR) nan Depatman Sante ak Sèvis Imen. ORR responsab pran swen jèn yo epi pou fasilite liberasyon yo bay fanmi yo oswa bay yon lòt moun ki patwone yo Ozetazini.

Ki moun ki responsab sipèvizyon nan frizè yo?

Move ajisman CBP – ni andedan ni andeyò frizè yo – vin pi grav epi ankouraje akòz mekanis responsabilite entèn ki fèb ki refize abòde vyolasyon dwa moun.^[28] Moun ki vle pote plent konsènan trètman yo pandan yo nan gad CBP yo kapab ale nan:

- Ajan anchèf ki an chaj nan etablisman kote yo kenbe yo a (si yo toujou nan gad CBP);
- Biwo Dwa Sivil ak Libète Sivil DHS (CRCL); oswa
- Biwo Enspektè Jeneral DHS (OIG)

Laperèz pou vanjans souvan dekouraje moun yo pou yo pa pote plent. Lè yo pote plent, anpil nan yo pa janm jwenn repons. Kèk grenn rezilta sèlman abouti ak yon rezilta disiplin satisfèzan.^[29] Bay menm ajans ki akize a responsablite pou mennen ankèt sou akizasyon an kreye yon konfli enterè klè.^[30]

Epi pandan CRCL ak OIG kapab bay rekòmandasyon sou politik yo, yo pa gen pouvwa pran mezi disiplinè oswa pouswiv ajan CBP yo. Konsa, CBP fonksyone lajman nan yon kilti abi san kontwòl.